

ETA KAWOLIN DINÒ
KONSÈY EGZAMEN

SOU DOSYE:

Desizyon Otorite Siperyè yo:

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. § 96-15(e), koz sa te vini devan Konsèy Egzamen an ("Konsèy") pou egzamine apèl **demandè oswa anplwayè** a de yon desizyon pa Abit Apèl la sou Nimewo Dosye: Prèv dosye a epi nenpòt dosye oswa agiman ekri ki te soumèt alè te egzamine antyèman.

Pandan n ap pase sou pwoblèm fè nan ka ki enplike deman ki konstete pou alokasyon asirans chomaj yo, Konsèy la se dènye jij temwen an kapab fè konfyans, epi ki kapab bay temwanyaj yo a fòs. Konsèy la kapab aksèpte oswa rejte temwanyaj yon temwen, kèlkeswa tout oswa yon pati, sa depann sèlman de si li kwè oswa pa kwè menm bagay la. Gade Moses v. Bartholomew, 238 N.C. 714, 78 S.E.2d 923 (1953). Lè prèv yo antanke sikontans ki antoure separasyon demandè a de travay li kontèste a, Konsèy la dwe rezoud kontèstasyon yo pandan l ap fè konstatasyon fè ki fonde sou prèv kredib epi ki konpetan. Gade Phillips v. Kincaid Furniture Co., 67 N.C. App. 329, 313 S.E.2d 19 (1984). Konsèy la pa lye pa krediblite rezolisyon ki te fèt pa Abit Apèl la. Gade -Forbis v. Wesleyan Nursing Home, Inc., 73 N.C. App. 166, 325 S.E.2d 651 (1985). Si genyen yon baz rezonab pou krediblite rezolisyon yo epi prèv ki fonde sou yo a pa kredib, abtyèlman Konsèy la kapab ranvwaye yon dosye konsa nan jijman Abit Apèl la .

Nan apèl la, demandè oswa anplwayè a pale sou dosye ki te rezoud yo pa Abit Apèl la an fonskyon de krediblite temwanyaj ki te prezante pa temwen yo. Konsèy la mete fen pou di, te genyen yon baz rezonab pou krediblite rezolisyon ki te fèt pa Abit Apèl la epi prèv yo te fonde pou fè rezolisyon sa yo pa te natirèlman enkredib.

Antanke dènye moun k ap chèche fè nan ka ki enplike demann ki konsteste pou alokasyon asirans chomaj yo, Konsèy la mete fen pou di, fè ki te twouve pa Abit Apèl la te sipòte pa prèv konpetan epi ki kredib ki genyen nan dosye a, epi te konsidere yo tankou se pa l. Epi, Konsèy la konkli, Abit Apèl la te aplike avèk swen epi kòrèkteman Lwa sou Sekirite Travay la (N.C. Gen. Stat. § 96-1 et seq.) nan fè ki te twouve yo, epi rezulta ki te soti a te annakò avèk lwa a epi avèk fè yo.

Desizyon Otorite Siperyè yo:
Paj De nan Kat



Desizyon Abit Apèl la (**AFIME**) (**RANVÈSE**) (**MODIFYE**).

Demandè a **DISKALIFYE** pou alokasyon asirans chomaj pou semèn k ap kòmanse . (PA
DISKALIFYE epi pral resevwa alokasyon asirans chomaj pou semèn k ap kòmanse .

Manm Konsèy Egzamen yo John S Doe avèk Susan S Doe te patisipe nan apèl sa epi yo te dakò avèk desizyon sa.

Sa se :

KONSÈY EGZAMEN AN

Prezidan

NÒT: Desizyon Otorite Siperyè a pral vin definitif nan trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon pou egzamen jidisyè depoze avèk kou siperyè a jan li endike pi ba a. Dat li voye pa lapòs la twouve nan dènye paj desizyon sa. Menm si Konsèy la pa bay avi jiridik, silvouplè konsilte bwochi ki atache a pou plis konsèy sou kòman pou fè apèl yon Desizyon Otorite Siperyè. Bwochi a disponib nan biwo travay piblik yo nan tout Eta a, epi sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la. Ou kapab vizite tou seksyon *Kesyon ki Souvan Poze* yo sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la nan www.xxx.nc.gov, epi konsilte yon avoka selon chwa w.

Apèl apati de Desizyon Otorite Siperyè sa dwe depoze avèk Grefye Kou Siperyè a pa moun k ap fè petisyon an nan zòn kote li rezide a, oswa kote moun k ap fè petisyon an genyen espas prensipal biznis li. Si yon pati pa rezide nan okenn zòn oswa genyen espas prensipal biznis li nan nenpòt kanton nan kawolin Dinò, apèl yo dwe depoze avèk Grefye Kou Siperyè kanton Wake county a, Kawolin Dinò oswa avèk Grefye Kou Siperyè kanton kawolin Dinò kote kontestasyon an te fèt la.

Desizyon de Otorite Siperyè a pral vin definitif trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon ki te rive alè pou egzamen jidisyè depoze avèk kou siperyè a an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. §§ 96-15(h) avèk (i).

ENPÒTAN – GADE PAJ KI SWIV LA

Desizyon Otorite Siperyè yo:
Paj Twa nan Kat



Kopi tout petisyon pou Egzamen Jidisyè ki depoze bay Grefye Kou Siperyè a dwe voye bay Divizyon Sekirite Travay la ("Divizyon") avèk tout pati ki enskri nan pwosesis la nan delè dis (10) jou de lè petisyon an te depoze a. Kopi petisyon an dwe voye pa sèvis pèsonèl oswa yon adrès lapòs, retounen resi ki egzije a. Petisyon pou egamen kou siperyè a dwe voye ladan epi adrese avèk ajan ki imatrikile pou sèvis trètman nan Divizyon an:

A. John Q Lawyer
Konseye Jiridik an Chèf
Depatman Komès Kawolin Dinò
Divizyon Sekirite Travay
Adrès Lapòs: Post Office Box 25903, Raleigh, NC 27611-5903
Adrès Fizik: 700 Wade Avenue, Raleigh, NC 27605-1154

NÒT: Si ou te enfòme avèk yon petisyon pou egzamen jidisyè pa lòt pati a, ou p ap yon pati pou pwosesis egzamen jidisyè a sof si ou: (1) Enfòme kou siperyè a nan delè dis (10) jou aprè ou resevwa petisyon ke ou vle vin yon pati nan pwosesis yo, oswa (2) depoze yon mosyon pou entèvni jan li dekri nan N.C. Gen. Stat. § 1A-1, Règ 24.

AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) (enkli moun antrepriz tyès pati yo k ap sèvi antanke anplwayè administratè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 and § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizon yon avoka dwe ekri konfòm avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Yon reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lòske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 Jyen 2013 yo, demandè a fè sijè ranbousman alokasyon li te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

AVI ESPESYAL POU DEMANDÈ YO: Si ou t ap resevwa oswa te deja alokasyon asirans chomaj annakò avèk demann ki soulinye a epi avèk Desizyon Otorite Siperyè a ran ou pa elijib oswa diskalifye pou tout oswa yon pati nan alokasyon sa yo, kounyeya ou kapab jwenn yon pèman amplis de alokasyon yo selon N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2). Si yon pèman amplis te kreye pa Desizyon Otorite Siperyè a, ou pral resevwa pa lapòs yon avi separe de pèman amplis la oswa rezolisyon pèman amplis de Divizyon Entegrite Alokasyon/ Seksyon Kontwòl Pèman Alokasyon an. Avi pèman amplis la oswa rezolisyon pèman amplis la dwe mansyone, pamì lòt bagay yo, montan pèman amplis ou an avèk tout penalite ki aplike. Silvouplè pran nòt, sèl mwayen ou kapab konteste pèman amplis la se fè depozisyon yon petisyon pou egzamen jidisyè de Desizyon Otorite Siperyè sa nan tribunal ki founi pi wo a, epi an konfòmite avèk lwa kawolin Dinò. Nan petisyon ou an, ou dwe espesifye kelkeswa w ap aple (1) rezulta diskalifikasyon a oswa elijiblite avèk oswa (2) rezolisyon final ou te resevwa yon pèman amplis alokasyon.

Desizyon Otorite Siperyè yo:
Paj Kat nan Kat

Apèl ki te depoze: Desizyon ki te voye pa Lapòs: